

# **BAB I**

## **BUBUKA**

### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Karya sastra téh mangrupa wadah pikeun ngedalkeun gagasan wangun téks nu eusina leubeut ku ajén-ajén jeung éstétika. Karya sastra ogé kudu bisa ngahasilkeun hiji kréasi nu éndah. Unsur nu aya dina prosés kréatif karya sastra réa pisan, di antarana élmu pangaweruh, wawasan, pamikiran, kayakinan jeung pangalaman fisik sarta unsur imajinasi pangarang.

Mangpaat karya sastra loba pisan pikeun kahirupan, sabab karya sastra bisa dijadikeun pikeun méré kasadaran pikeun nu maca ngeunaan bebeneran hirup sanajan digambarkeun ngaliwatan wangun fiksi. Nurutkeun Aminudin (2002, kc. 36) karya sastra mangrupa kabutuhan pikeun hiji jalma, komo deui upamana éta jalma mampu ngungkab eusi jeung ma'na nu aya dina hiji karya, boh karya sastra puisi, prosa, atawa dina wangun karya sastra drama. Carpon mangrupa salah sahiji hasil karya sastra. Upama disusun dumasar asal-usul kecap dina Kamus Besar Bahasa Indonesia onlén (2020) yén carita téh hartina tuturan nu maparkeun kumaha lumangsungna hiji hal atawa peristiwa, karangan nu nyaritakeun pangalaman, jeung kajadian nu kaalaman ku manusa. Sedengkeun Pondokna, miboga harti lalakonna pondok nu kurang ti 10000 kecap, nu miboga kesan tunggal tur museur kana hiji tokoh atawa hiji situasi atawa kaayaan. Nurutkeun Susanto dina Tarigan (1984, kc. 176) Carita pondok nyaéta carita nu panjangna kurang leuwih 5000 kecap atawa kira-kira 17 kaca kuarto spasi rangkap nu museur jeung lengkep ka disi sorangan. Nurutkeun Sumardjo (1983, kc. 69) carpon nyaéta carita nu ngawateran diri dina ngabahas salah sahiji unsur fiksi dina aspék nu pangleutikna, panjang pondokna carita pondok lain ku sabab wangunna leuwih pondok ti batan novél, tapi ku sabab aspék masalahna diwatesan pisan. Sedengkeun nurutkeun Stanton (2012, kc. 76) wangun carpon kudu munel, dijerona pangarang nyiptakeun karakter-karakter, dunya maranéhna, ogé kalakuan sacara babarengan.

Anapon objék nu dipaké pikeun ieu panalungtikan nyaéta wangun carpon. Carpon nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta “Kumpulan Carpon Kembang-Kembang nu Mangkak” karya para alumni Departemén Pendidikan Bahasa Sunda.

Antalogi carpon nu jol na ti Departemén Pendidikan Bahasa Sunda bakal ngawarnaan jagat sastra sunda kiwari, sabab eusina mangrupa carita-carita nu ditulis ku pangarang ngora nu geus mimiti ngalanggar dina kasusastraan Sunda, meunangkeun ajén ti panerbit ku karyana, sastra ngahasilkeun loba karya anu rancagé nu medal di media cetak. Tangtu éta hal ngajadikeun aranjeuna miboga kiprah munggaran dina ketak kasusastraan Sunda. Eusi ieu kumpulan carpon miboga unsur-unsur tanda nu aya dina diksi nu dilalakanon ku pangarang dina karyana.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu geus ditétélakeun, aya sababaraha idéntifikasi masalah, di antarana 1) pangaweruh ngeunaan ajén-ajén karakter atikan, 2) kumaha ajén-ajén karakter atikan dina kumpulan carpon *Kembang-Kembang nu Mangkak*, 3) kumaha struktur kumpulan carpon *Kembang-Kembang nu Mangkak*, 4) kumaha unsur-unsur dina kumpulan carpon *Kembang-Kembang nu Mangkak*.

Dumasar kana hasil idéntifikasi masalah di luhur, masalah nu diangkat dina ieu panalungtikan dirumuskeun maké kalimah pananya ieu di handap.

1) Kumaha struktur kumpulan carpon *Kembang-Kembang nu Mangkak*?

Kumaha ajén-ajén karakter atikan dina kumpulan carpon *Kembang-Kembang nu Mangkak*?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan aya dua tujuan nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus. Éta dua tujuan téh didadarkeun masing-masing saperti ieu di handap.

### **1.3.1 Tujuan Umum**

Sacara umum tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun manggihan jeung ngadéskrisikeun ajén pendidikan karakter nu aya dina kumpulan carpon *Kembang-Kembang nu Mangkak*.

### **1.3.2 Tujuan Husus**

Anapon tujuan husus dina ieu panalungtikan pikeun ngadéskrisikeun:

- 1) struktur kumpulan carpon *Kembang-Kembang nu Mangkak*;
- 2) ajén-ajén pendidikna karakter dina kumpulan carpon *Kembang-Kembang nu Mangkak*.

## **1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan**

### **1.4.1 Mangpaat Segi Téoritis**

Sacara teoritis ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngeuyeuban élmu pangaweruh hususna dina widang struktural.

### **1.4.2 Mangpaat Segi Praktis**

Pikeun pamaca, ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun alternatif sumber diajar hususna ngeunaan struktural.

### **1.4.3 Mangpaat Segi Isue jeung Aksi Sosial**

Karya sastra Sunda salah sahijina nyaéta carita pondok nu miboga ajén-ajén luhung, ku kituna ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun pieunteungan dina kahirupan jaman kiwari, salian ti éta pamaréntah dipiharep bisa museurkeun paniténana kana karya sastra Sunda hususna carita pondok.

### **1.4.4 Mangpaat Segi Kawijakan**

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa ngahudangkeun sumanget pikeun ngariksa jeung ngaraksa karya sastra Sunda, salah sahijina carita pondok pikeun dijadikeun pieunteungan dina kahirupan jaman kiwari dina widang atikan. Lian ti

éta, pamaréntah dipiharep bisa muserkeun paniténanna kana karya sastra sunda hususna carita pondok.

### **1.5 Raraga Tulisan**

Bab I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina medar ngeunaan tiori-tiori nu aya dina panalungtikan, panalungtikan saméméhna, kalungguhan tiori, jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina medar ngeunaan metodologi panalungtikan nu dipaké dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik nganalisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, dina ieu bab dipedar sagemblengna hasil tina analisis panalungtikan nu dilaksanakeun. Eusina ngolah jeung nganalisis data nu aya patalina jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, sarta tiori nu aya dina bab II.

Bab V Kacindekan jeung Saran, mangrupa bagian pamungkas tina skripsi. Kacindekan nyaéta ringkesan tina sakabéh hasil panalungtikan. Salian ti éta aya saran nu ditepikeun panulis keur nu maca sangkan leuwih hadé dina panalungtikan kahareupna.